



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ANKOURAJE OPÒTINITE TRAVAY NAN ETA NEW YORK AK EDE MOUN K AP CHÈCHE TRAVAY YO SEKIRIZE NOUVO OPÒTINITE TRAVAY

Lejislasyon (A.8458A/S.6803A) otorize Depatman Travay pou kreye yon kanpay sansibilizasyon piblik ki ankouraje bank travay Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki pral ogmante sansibilizasyon piblik la sou opòtinite travay yo nan Eta New York. Lejislasyon (A.8458A/S.6803A) pral otorize Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) pou devlope yon kanpay sansibilizasyon piblik ki pral ankouraje [Bank Travay Eta New York](#) la. Bank Travay Eta New York la se yon resous sou entènèt ke NYSDOL ap jere pou konekte moun k ap chèche travay yo avèk plis pase 250,000 travay nan tout endistri yo.

"Nouyòkè yo gen yon zouti klas mondyal nan pwent dwèt yo pou konekte moun ki gen talan k ap chèche travay yo pou jwenn travay ki fè sans, epi gras ak esponsò pwojè lwa a, lejislasyon sa a pral ede nou pwopaje mesaj la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje biznis yo ki poko te itilize Bank Travay Eta New York la pou yo rejwenn plizyè santèn milye lòt anplwayè ki te mete travay yo pou plizyè dizèn milye kandida ka wè yo".

Lejislasyon (A.8458A/S.6803A) pral otorize Depatman Travay Eta New York la pou kreye yon kanpay sansibilizasyon piblik ki pral pwomouvwa Bank Travay Eta New York la, ki pral pi byen konekte moun k ap chèche travay nan men anplwayè k ap anboche yo. Kanpay sansibilizasyon piblik la pral disponib atravè yon seri mwayen kominikasyon, tankou entènèt, radyo, tablo afichaj ak lòt ankò. Li pral egzije NYSDOL tou pou bay Gouvènè a ak Lejislati a yon rapò sou mezi aksyon yo pran pandan kanpay la ak bezwen ki idantifye pou kanpay sansibilizasyon piblik la alavni. Dènye inisyativ sa a konplete efò kontinyèl NYSDOL ap fè pou ede Nouyòkè yo jwenn karyè yo renmen, tankou sansibilizasyon kontinyèl atravè rezo sosyal, bilten nouvèl, ak imèl/tèks dirèk pou moun k ap chèche travay nan tout eta a.

Nan vizite [sit entènèt Bank Travay la](#), Nouyòkè yo ka navige plis pase 250,000 pòs ki lib selon anplasman, tit travay la ak non konpayi an. Gen lòt zouti rechèch travay ak

devlopman karyè ki fèt pou ede moun yo planifye avni yo, òganize rechèch travay yo, elabore CV ak eksplòre karyè.

Nou ankouraje tout kalite biznis pou yo itilize [sèvis sou entènèt gratis](#) sa a pou mete pòs ki disponib yo, ke plizyè dizèn milye moun ki kalifye k ap chèche travay nan New York pral wè.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye rete yon defansè pou mendèv New York la. Mwen ankouraje Nouyòkè yo k ap chèche yon nouvo karyè pou yo pwofite moman opòtinite san parèy sa a. Avèk anpil pòs ki disponib nan tout echèl ekonomik eta a, nou ka ede ou jwenn yon karyè ou renmen".

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Eta New York ofri yon bann resous pou ede moun k ap chèche travay yo jwenn yon nouvo karyè ak pou ede anplwayè yo jwenn bon talan, men malerezman se pa tout moun ki konnen sa. Nan pwomouvwa Bank Travay Eta a, nou ka ede plis Nouyòkè konekte ak nouvo opòtinite yo epi jwenn travay ki fè sans, epi mwen fyè pou m sipòte lejislasyon ki pral ede fè sa. Mwen rekonesan pou patenarya mwen avèk Manm Asanble Stirpe sou pwojè lwa sa a epi mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "De ane ki sot pase yo te trè difisil pou biznis ak moun k ap chèche travay nan eta nou an. Pou ede ranfòse rekiperasyon ekonomik alontèm nou an, mwen fyè pou m sipòte pwojè lwa sa a ki egzije Depatman Travay Eta New York la pou etabli yon kanpay pwomosyonèl enklizif, ki gen plizyè kouch ki santre sou Bank Travay Eta New York la. Sitwèb la sèvi kòm yon santral pou tout bagay ki gen pou wè ak travay, sa gen ladan opòtinite rekritman, planifikasyon karyè, resous ki espesifik pou veteran ak asistans pou chomaj. Lejislasyon sa a pral ede dinamize koneksyon ant biznis ak anplwaye potansyèl yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul poutèt li siyen pwojè lwa a ak pou sipò inebnanlab li anvè mendèv eta nou an pandan n ap rekipere".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418